

KIJAN POU POTE PLENT

Si ou kwè ke yo te fè diskriminasyon kont ou akòz de andikap ou a oubyen yo te refize ba ou yon akomodasyon rezonab pou andikap ou a, ou kapab pote plent nan Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la.

Ou dwe pote plent nan Divizyon an avan yon ane apre zak diskriminasyon ou ap akize yo fè a. Pou jwenn plis enfòmasyon oubyen pou pote plent, ou kapab kontakte biwo rejyonal ki pi pre lakay ou oubyen travay ou a, oubyen vizite sit wèb nou nan :

www.dhr.state.ny.us

KÈK EGZANP :

Ou lwe yon apatman nan yon bilding apatman epi ou bezwen itilize yon chèz woulant pou antre ak kite apatman ou an. Ou pa ka monte mach eskalye yo ki devan bilding ou a si yon moun pa ede ou. Èske ou genyen okennopsyon ?

Mèt kay ou a kapab oblije ba ou yon ranp oubyen lòt mwayen rezonab pou kite ou antre nan bilding la.

Ou souffri depresyon epi doktè ou rekòmande ou adopte yon bèt konpay ak pou bèt la rete nan kay la ak ou. Sepandan, mèt kay ou a, koperatif oubyen konndo ou a pa aksepte pou bèt rete nan kay la. Èske ou genyen okennopsyon?

Si doktè ou sètifye ke akòz de andikap ou a ou bezwen yon bèt konpay pou itilize ak jwi kote ou abite a, yo dwe kite ou rete lakay ou ak bèt konpay la tankou yon akomodasyon espesyal andikap ou a, malgre règ « entèdiksyon pou gen bèt domestik » yo a.

Ou genyen yon andikap ki fè li difisil pou ou mache sot nan machin ou pou al nan apatman ou a. Bilding apatman ou a genyen espas pou andikape pake. Sepandan, espas pakin pou andikape ki pi pre apatman ou a toujou okipe. Èske ou ka mande mèt kay ou a yon espas pakin rezève ki pre apatman ou a ?

Mèt kay yo oblije bay pakin ki aksesib daprè gwosè espas pou pake a. Sepandan, nòmalman yon mèt kay pa oblije rezève yon espas pakin pou okenn rezidan andikape an patikilye, amwenske tout pakin yo rezève.

LOJMAN

Dwa Pou Moun ki Andikape Jwenn Lojman

NEW YORK STATE
DIVISION OF
**HUMAN
RIGHTS**

ANDREW M. CUOMO, GOVERNOR

ONE FORDHAM PLAZA
BRONX, NEW YORK 10458
(718) 741-8400
Toll Free 1-888-392-3644
TDD (718) 741-8300

WWW.DHR.NY.GOV

Dwa Pou Moun ki Andikape Jwenn Lojman

Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk entèdi diskriminasyon kont moun akòz de diskriminasyon.

Lwa sou Dwa Moun nan defini yon andikap tankou:

« yon domajman fizik, mantal oubyen medikal ki anpeche kò a fonksyone nòmalman oubyen teknik dyagnostik ki akseptab medikalman kapab demontre li; oubyen

genyen yon dosye sou domajman sa a, oubyen

yon kondisyon lòt moun wè tankou yon domajman. »

Li ilegal pou pou fè diskriminasyon kont moun ki andikape nan lwe oubyen vann kay.

Li ilegal pou yon mèt kay fè diskriminasyon kont moun paske yo genyen yon pase ak andikap oubyen paske yo sanble moun ki andikape.

Epi tou li ilegal pou mèt kay lafè diskriminasyon kont yon moun paske moun nan te pote plent pou diskriminasyon.

Lwa sou Dwa Moun Nouyòk aplike a tout moun ki vann oubyen lwe kay, tankou mèt ajan manajman, ak ajan imobilye oubyen lòt moun.

Ajan imobilye, moun k ap vann kay, ak anplwaye yo genyen obligasyon an plis.

Li ilegal, pou fè bagay sa yo akòz de andikap :

- refize negosye pou vann oubyen lwe yon kay ;
- fè tankou kay la pa disponib pou vann oubyen lwe lè li disponib.

LIMITASYON

Lwa sou Dwa Moun Eta Nouyòk PA kouvri

- lokasyon nan kay nan diplèks mèt kay la abite ladan li ;
- lokasyon nan cham kay mèt kay la ;
- lokasyon tout chanm bay moun ki menm sèk s;
- sèten lojman pou moun aje.

AKOMODASYON REZONAB

Lwa sou Dwa Moun Nouyòk egzije ke yo fè efò pou akomode bezwen moun ki andikape nan lojman. An patikilye, Lwa a egzije ke :

Yon moun ki andikape kapab fè modifikasyon rezonab kote li abite

a si modifikasyon an nesèsè pou li itilize ak jwi kote li abite a konplètman; akomodasyon rezonab kapab fèt nan règ, pratik oubyen sèvis, lè jan de akomodasyon sa yo nesèsè pou pèmèt moun ki andikape a jwenn menm opòtinite ak tout lòt moun pou li itilize ak jwi lojman an.

Lwa a egzije ke tout bilding ki konstwi apre 13 mas 1991 genyen :

- espas piblik ak kote tout moun demere ki fasil pou moun ki andikape antre ak itilize ;
- tout pòt laj ase pou moun kapab pase ak chèz woulant ; ak
- tout bilding plizyè fanmi yo genyen pasaj, enstalasyon, priz, twalèt ak kizin ki aksesib.

Pou plis enfòmasyon sou lwa ki entèdi diskriminasyon sou andikap ak sou pwosesis pou pote plent, tanpri kontakte biwo rejyonal Divizyon Dwa Moun Eta Nouyòk la, oubyen vizite sitwèb nou an nan

www.dhr.state.ny.us